



Pou Piblikasyon Imedya: 28/01/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO, LIDÈ MAJORITE A FLANAGAN ANSANM AK PÒT PAWÒL LA HEASTIE ANONSE YON AKÒ AN TWA FASON SOU 'LAVERN'S LAW'

Gouvènè Andrew M. Cuomo, Lidè Majorite Sena a John J. Flanagan ansanm ak Pòt Pawòl la Carl Heastie te anonse jodi a ke yo te rive jwenn yon akò an twa fason sou lwa Lavern's Law: yon pwojè lwa ki ta pral elaji kantite fwa ke yon moun kapab ouvri yon pwosè lajistis pou yon dyagnostik kansè ki rate.

Pwojè lwa a nonmen apre Lavern Wilkinson, ki te mouri an 2013 apre yon dyagnostik kansè ki rate. Dokiman lwa ap amande lwa sou limitasyon yo pou rele yon antite lajistis pou yon dyagnostik kansè ki rate rive de ane e demi apre lè ke pasyan te enfòmè de erè a. Lwa aktyèl lan limite pwosè lajistis pou ka tankou Mesye Wilkinson yo a 15 mwa apre lè ke yo te fè move dyagnostik lan.

“Pèsòn moun pa ta dwe pase nan sa ke Lavern Wilkinson ansanm ak fanmi li te pase, epi akò sa pral ede pwoteje pasyan ki gen kansè yo ansanm ak moun yo renmen yo, pandan ke l’ap abòde enkyetid ki nan domèn medikal la”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Ak refòm sa, nou pral ede fè New York vin yon eta ki pi an sante, pi jis pou tout moun.”

**Lidè Majorite Sena a, John J. Flanagan, te deklare,** “Akò sa ap asire ke nou bay yon nouvel lwa ki responsab ki ap pi byen pwoteje pasyan yo ansanm ak fanmi yo lè yon move dyagnostik fèt, ki anpeche yon moun kòmanse ak yon tretman atan pou konbat epi ranpòte viktim sou kansè a. Mwen remèsye Gouvènè a ansanm ak patnè nou yo ki nan Asanble a poutèt yo ap ede nou rive nan liy final la nan nouvel mezi enpòtan sa”.

**Pòtpawòl Asanble Eta New York a (New York State Assembly) Carl Heastie te deklare,** “Mwen fyè dèske nou te kapab rive jwenn yon akò pou ede bay viktim move pratik medikal yo jistis ke yo merite. Memwa Lavern Wilkinson pral pèpetye epi kounye a viktim move modèl dyagnostik sa yo pral gen aksè a tribinal nou yo. Mwen vle remèsye manm ki nan Majorite Asanble nou an, espesyalman Manm Asanble a Helene Weinstein ki te sipòte dokiman lwa sa epi te yon gwo defansè, poutèt fòkis ak detèminasyon yo nan ede pasyan ki gen kansè yo chèche jistis”.

Sou lwa eta aktyèl nou an, lwa sou limitasyon yo ki aplikab a akzyon move pratik medikal yo kapab ekspire nan kèk ka menm avan ke pasyan yo konnen ke yo te blese. Dokiman lwa a (S.6800) ap rezoud pwoblèm pou ka ki enplike echèk dyagnostik

kansè yo ak timè malfezan yo. Sou akò sa, lwa sou limitasyon de ane e demi an ta pral ale soti depi dat ke moun ki ap plenyen an te konnen oswa ta dwe konnen neglijan ak blesi an, olye de dat lè neglijan lan te rive, ak yon limit eksteryè sèt ane apati dat sa ta rive an.

**Manm Asanble Helene Weinstein te deklare,** “Nou te tande twòp istwa ki akablan sou pasyan ki gen kansè yo tankou Lavern Wilkinson ke yo te mal dyagnostike sèlman pou yo ka fèmen yo deyò sistèm legal nou an akòz yon lwa ki twò restren. Konnen ke ou gen kansè sa difisil ase, epi mwen rekonesan dèske nou ap ranfòse lwa nou yo pou ke viktim move pratik medikal yo pral kapab jwenn jou pa yo nan tribinal”.

**Prezidan Asosyasyon Lopital Greater New York (Greater New York Hospital Association), Kenneth E. Raske, te deklare.** “Mwen ta renmen remèsye Gouvènè a pou travay di li ak tantativ serye li pou kapab jwenn balans ak egalite pou tout pati yo. Pandan ke sa se yon pwoblèm difisil akòz anviwònman responsabilite medikal la nan New York, kominote swen sante a li dedike a jistis pou tout konsomatè yo. Mwen aplodi Gouvènè a poutèt li ap pote yon balans ki pral reyèlman ede moun New York yo”.

**Matt Funk, ki se Prezidan, Asosiyasyon Avoka Jijman Eta New York lan (New York State Trial Lawyers Association), te deklare,** “Fanmi pasyan ki gen kansè yo deja ap andire twòp pèt ak kè kase, epi san responsabilite, lwa aktyèl lan ap enpoze fado adisyonèl sou do yo. Pwojè lwa a pral ede pote jistis pou viktim kansè yo epi retabli lespwa pou moun yo renmen yo. Nou aplodi Gouvènè Cuomo, Lidè Majorite a Flanagan ansanm ak Pòt Pawòl la Heastie pou akò sa pou ede pwoteje moun New York yo”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418